



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 12 septanm 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AVANSMAN \$2.8 MILYON DOLA SIBVANSYON POU MIRAY LANMÈ A KI TE
DETWI SOU PASAJ SANDY**

Yo pral rebati miray la epi amelyore kominote Sea Gate la nan Brooklyn

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse pwogrè kap kontinye nan rekonstriksyon klwazon ak miray lanmè a ki te detwi sou pasaj gwo tanpèt Sandy nan kominote Sea Gate. Pwojè a, nan yon estimasyon depans \$2.8 milyon dola ap prale delavan apre yon bon jan revizyon eta nan Pwogram Sibvansyon pou Rediksyon Danje FEMA ansanm avèk sipò reprezantan Brooklyn yo Jerrold Nadler ak Hakeem Jeffries. Inisyativ la te devlope epi sipòte pa Komite Rekonstriksyon Kominotè NY Rising nan Brighton Beach, Coney Island, Manhattan Beach ak Sea Gate, sa ki te pwopozè plizyè lide pou fè kominote a vin pi rezistan apre resan tanpèt yo.

“Gwo tanpèt Sandy te andomaje plaj nan anpil kominote yo, rann li pi difisil pou Nouyòkè yo pwoteje kay yo kont move tan,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Avansman pwojè sa pral ede Sea Gate ak Coney Island kontinye rekipere de tanpèt sa epi ede defann kont yon lòt nan lavni. Li enpòtan pou rebati, e la nan New York nap rebati pi byen ak pi rezistan pase anvan.”

Kòm yon pati nan pwopozisyon an, Sea Gate ap chèche pou repare ak rebati klwazon ak miray lanmè li a ki te sibi domaj grav nan gwo tanpèt sandy nan mwa oktòb 2012. Yon fwa li sèvi kòm fòm prensipal pwoteksyon kont ewozyon, inondasyon ak vag tanpèt nan kay ki toupre yo, enfrastrikti a kounye a konfwonte a plizyè vyolasyon ak kote ki kase, fant santrifij, gwo separasyon jwenti, dezalyman kosantrik ak entrizyon sab ak debri toupatou nan lari yo, kay ak sistèm egou a. Nan pifò zòn, klwazon an ki te oparavan pwoteje kominote a te detwi konplètman, sa ki mete yon pati Coney Island ak lòt katye avwazinan yo a risk.

Gwo inondasyon ak domaj van pandan gwo tanpèt Sandy te kite kominote Sea Gate san gaz ak elektrisite pou plis pase 6 semèn. Depatman Lapolis Sea Gate ak Administrasyon Bilding yo toulède te detwi, sistèm egou ak wout yo te konpwomèt, e preske 750 kay te andomaje, avèk sèt kay ki te bezwen demoli apre tanpèt la. Kominote Sea Gate la ap fè fas a plis pase \$45 milyon dola nan domaj apre tanpèt

la.

Nan mwa jen 2013, Gouvènè Cuomo te fè soti yon apèl dòf pou pwojè Sibvansyon Rediksyon Danje ki ta ka ede gouvènman lokal ak òganizasyon non pwofi yo pou yo rebati kominote ki pi solid ak pi dirab. Pwogram nan ki gen otorizasyon Federal Emergency Management Agency (FEMA), gen kòm objektif pou l ogmante rezistans Eta a, diminye risk pou gen pèt ak domaj ki asosye ak katastwòf fiti, epi diminye difikilte.

Nan mwa mas, Gouvènè a te aplodi 10 pwopozisyon ki te gen yon valè apeprè \$128 milyon ki te pami premye yo ki te vanse nan FEMA. Ajans federal la founi 75 pousan ranbousman nan depans elijib, jiska kantite lajan sibvansyon an. Sèvis ouben materyèl sou fòm gratis ka itilize jiska 25 pousan ekivalan ki pa Federal la. Pou konpanse chaj finansye anpil minisipalite oswa pwojè konte yo tankou sa, Gouvènè Cuomo te angaje resous rekiperasyon dezast eta nan efò a.

Pou adrese pwoblèm sa yo, Sea Gate ap fè efò pou enplemannte yon sistèm ki pral pèmèt repouse tansyon elektrik ki koze pa van entans (jiska 120 mph) pou pwochen 50 ane yo. Konnen tankou “Sistèm Mi Maren”, rezo a ta konpoze de yon gwo miray anbwa ak pil pou anklanche fèy vinil lou pou kenbe ak pwoteje tè ak pwopriyete. Pil anbwa yo ta penetre 15 pye nan tè a e li ta pwojete 10 pye oswa plis anlè sifas la, ofri stabilite maksimòm. Non sèlman sistèm sa te konsevwa pou reziste ewozyon nan evènman move tan, men enklizyon l nan fèy vinil pral koute mwens lè w konpare l avèk asye. Anvan tout bagay, li ta entwodui yon sistèm ki pi bon ak pi efikas pou kenbe rezidan ak etablisman kominote ozalantou yo pi ansekirite.

Pwojè a, sa ki te devlope pa Komite Rekonstriksyon Kominotè NY Rising lokal, ta konplete efò ewozyon kotyè adjasan eta an kolaborasyon avèk Vil New York ansanm avèk enjenyè. Army Corps Etazini yo. Kòm youn nan “Premye seri” Kominote Rekonstriksyon Kominotè NY Rising, Komite a adisyonèlman reprezante zòn Brighton Beach, Coney Island ak Manhattan Beach. Konpoze de 14 rezidan lokal, biznis ak lidè òganizasyon non-pwofi yo, komite a elijib pou jiska \$22.3 milyon dola pou enplemannte pwojè ki devlope atravè yon pwosesis planifikasyon asandant. Fè efò pou bay kominote yo ki te touche pa tanpèt la toupatou nan eta, Pwogram Rekonstriksyon Kominotè NY Rising kowòdone pa Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a.

Depite Jerrold Nadler te deklare, “Kòm kominote yo ozalantou miray lanmè a ki te detwi pa gwo tanpèt Sandy kontinye pou rekipere ak rebati, pwojè sa enpòtan pou pwoteje zòn rezidan yo kont pwochen domaj tanpèt ak pou prezève plaj popilè nou yo. Mwen pral kontinye batay bò kote Gouvènè Cuomo ak Depite Hakeem Jeffries pou asire ke kominote sa yo jwenn finansman federal yo bezwen pou yo rekipere konplètman de gwo tanpèt Sandy.”

Depite Hakeem Jeffries te deklare, “Gwo tanpèt Sandy te frape kominote Sea Gate avèk devastasyon grav, detwi epi andomaje anpil kay. An repons, nou dwe kontinye fè tout sa nou kapab pou ranfòse rezistans nou anvan yon lòt tanpèt frape. Grasa lidèchip Gouvènè Andrew Cuomo ansanm avèk delegasyon kongrè a, finansman sa a se yon etap pwogrè enpòtan pou rezidan yo nan Sea Gate ak

Haitian Creole

penensil Coney Island pou yo retounen sou pye yo epi rete la.”

Manm asanble Alec Brook-Krasny te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou efò l pou akselere pwojè klwazon Sea Gate la, ki te nesèsè anpil depi dezas la ki te koze pa pasaj gwo tanpèt Sandy. Antanke alafwa ofisyèl eli ak yon manm nan kominote Sea Gate mwen te eksperimente domaj ak devastasyon ke vwazen mwen yo e menm pwòp fanmi m te fòse pou fè fas apre pasaj sandy. Mwen optimis ke se yon gwo pa nan pwoteje tout penensil la kont enpak potansyèl ki te koze pa pwochen dezas natirèl. Gouvènè Cuomo ak ekip li a te avèk nou depi premye jou a e mwen konnen avèk lidèchip li nou pral retounen pi anfòm ak pi solid pase anvan.”

Manm Konsèy Vil New York Mark Treyger te deklare, “Sa a se yon nouvell fòm idab pou Sea Gate, Coney Island ak tout penensil la. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak New York Rising paske yo rekonèt nesèsite pou pwojè sa e travay avèk biwo mwen an pou fè l tounen yon reyalyte pandan nap kontinye rebati ak pi byen pwoteje kominote kotyè nou yo ki te afekte pa sandy. Tout penensil la kanpe pou benefisye de pwojè sa, kòm anpil nan dlo inondasyon pandan sandy te vwayaje jiska Sea Gate ak nan tout penensil la. Kòm nap travay pou repare kay ak biznis yo, nou dwe jwenn fason pou amelyore grandman mezi pwoteksyon vil nou an, e se yon gwo etap pwogrè nan direksyon objektif sa.”

Jon Dohlin ak Sue Fox, NY Rising Brighton Beach, Coney Island, Manhattan Beach ak Ko-Preizdan Rekonstriksyon Sea Gate, te deklare, “Komite Rekonstriksyon Kominote nou an pou penensil Coney Island kontan pou l wè pwojè a pou rekonstwi miray lanmè Sea Gate la avanse nan pwochen etap enplemantasyon an. Aktif rekonstriksyon sa pral bay pwoteksyon a rezidan kominote yo ak ensfrazstrikti lokal nan Sea Gate ak Coney Island pandan evènman move tan nan lavni. Pwoteksyon ajoute sa pral gen yon gwo benefis a tout kominote bò lanmè yo nan pati sid Brooklyn.”

Aprè Prezidan an fin fè yon deklarasyon katastwòf, tankou nan ka Sandy, FEMA bay HMGP lajan pou Eta yo kapab administre pwogram sibvansyon ki sipòte planifikasyon rediksyon katastwòf lokal ak mezi pou redwi katastwòf alontèm pou diminye kantite moun ki mouri ak domaj pou yon meyè pwoteksyon pwopriyete amelyore kont katastwòf natirèl yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvell nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE

Haitian Creole